



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL REJWENN LIDÈ MAJORITE SCHUMER, SENATÈ  
GILLIBRAND, KONSEYE PRENSIPAL LANDRIEU, RESPONSAB ETA AK LOKAL  
POU OFISYÈLMAN INOGIRE PWOJÈ VYADIK TRANSFÒMATÈ I-81 NAN  
SYRACUSE**

*Inogirasyon yon pwojè 2.25 milya dola ki pral konstwi rezo kominotè pou  
amelyore mobilite ak rekonekte katye yo anba lavil la*

*Yo deja bay 296.4 milyon dola nan kad kontra 1; Travay inisyèl la gen ladan  
rekonstriksyon echanjè nò I-81/I-481 an*

*Yo te bay kontra 2 ki se 384.5 milyon dola semèn sa a pou kòmanse konvèsyon  
echanjè I-481/I-81 an*

*Travay yo kòmanse apre plis pase yon deseni planifikasyon ak angajman  
kominotè Depatman Transpò a te fè*

*Nouvo logo pwojè a disponib [isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn responsab federal, eta ak lokal yo pou yo inogire ofisyèlman pwojè transfòmasyon vyadik Interstate 81 nan Syracuse, ki lanse fòmèlman youn nan pi gwo ak pi anbisyè pwojè konstriksyon Eta New York te janm antreprann, an patenarya ak gouvènman federal la. Pwojè 2.25 milya dola a, ke Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a sipèvize, pral kreye yon Rezo Kominotè pou rekonekte katye anba lavil yo ke konstriksyon vyadik I-81 an te koupe epi korije yon enjistis dirab ki te afekte rezidan koulè nan vil Syracuse yo yon fason ki pa pwopòsyonèl pandan plizyè deseni. Pwojè istorik la, ki se rezilta plis pase yon deseni planifikasyon ak angajman kominotè, pral kreye tou yon nouvo Sikwi Komèsyal 81 (Business Loop 81), ki pral pase nan vil la ap distribye trafik sou wout la, epi fè lòt amelyorasyon ki pral amelyore mobilite, ranfòse sekirite, kreye nouvo opòtinite lwazi ak ankouraje kwasans ekonomik nan tout New York Santral.

"New York se sèl eta ki te aksepte anbrase avèk odas bezwen ijan pou rekonekte kominote yo avèk senk mega pwojè istorik similtane ki pral korije tò pase yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm yon pati santral nan efò nou yo, pwojè vyadik Interstate 81 an pral sèvi kòm yon egzanp nasyonal sou fason enfrastrikti reflechi kapab reyini moun,

ankouraje kwasans, epi ogmante pwosperite pou tout kominote yo. Avèk inogirasyon sa a, nou kòmanse rekonstitiye katye yo ki te dechire sa gen plizyè deseni - geri blesi yo ki te fin enfeksyone depi twò lontan epi kreye kominote ki pi vivab, abòdab ak dirab".

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Syracuse, mete kas nou epi pran pèl nou, transfòmasyon I-81 an kòmanse jodi a! Enfrastrikti nou an ta dwe konekte, pa divize kominote nou yo epi transfòmasyon I-81 an pral poze fondasyon pou yon avni ki pi briyan, ki pi ekitab pou tout Syracuse. Lè m te mennen nan adopsyon Lwa Biptatit sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay, mwen te fè sa ak pwojè tankou transfòmasyon I-81 Syracuse la kòm zetwal nò mwen an. Kounye a, avèk travay yo ki ofisyèlman kòmanse, finansman federal la ka kòmanse antre, sa k ap kreye plizyè milye travay konstriksyon sendika ki byen peye, moun yo anboche isit la nan kominote a, pou rekonekte Syracuse epi pote plis opòtinite pou rezidan yo atravè vil la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Majistra Walsh pou patenarya ak lidèchip yo nan inisyativ enpòtan sa a".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Aprè plizyè ane ap defann san pran souf, mwen eksite anpil pou m finalman wè inogirasyon pwojè I-81 an. Se pral yon transfòmasyon pou Vil Syracuse ak tout rejyon an. Mwen fyè dèske m te goumen pou sekirize priyorite m yo depi lontan nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la pou bay resous ki nesesè pou ede revitalize ak rekonekte Syracuse, epi m ap kontinye travay pou m reyalize pwojè sa a".

**Konseye Prensipal Prezidan Biden ak Kowòdonatè Enfrastrikti Mezon Blanch Mitch Landrieu, te deklare,** "Konstriksyon I-81 an te kreye yon baryè ki enjis epi ki dire lontan pou swen sante, opòtinite ekonomik ak edikasyon pou fanmi yo nan Syracuse. Kounye a, gras ak finansman ki soti nan ajanda Envesti nan Amerik Prezidan Biden lan, nou ap repare tò nan tan pase sa yo, amelyore sekirite, revitalize zòn nan pou devlopman ekonomik, ak kreye travay sendikal ki byen peye ki ka sipòte yon fanmi. Pandan n ap travay ansanm ak Gouvènè Hochul ak lidè federal, eta ak lokal yo pou rekonstwi enfrastrikti nou an pi byen pase anvan, n ap asire yon avni ki pi an sekirite, ki pi ekitab pou kominote atravè New York yo".

Pwojè inovatè vyadik I-81 an fè pati angajman san parèy Gouvènè Hochul pou modènize enfrastrikti Eta New York ak envesti nan pwojè ki pwomouvwa ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote yo toupatou nan eta a, an patenarya ak gouvènman federal la. Plan Kapital Eta 32.8 milya dola ki te adopte an 2022 ede akonpli vizyon Gouvènè a pou yon sistèm transpò modèn ki sèvi Nouyòkè yo atravè eta a epi pwojè vyadik I-81 an pral finanse avèk yon melanj resous federal ak eta. Depi kòmansman tan li nan biwo a, Gouvènè Hochul te fè rekoneksyon kominote yo atravè enfrastrikti tounen yon mak karakteristik nan Administrasyon li a, avèk plis pase 3 milya dola yo atribiye nan plan kapital Depatman Transpò a pou transfòme zòn sa yo nan East Buffalo, Rochester, Syracuse, Albany ak South Bronx.

Atravè konstriksyon Rezo Kominotè a, pwojè a gen pou objektif ranvèsè desizyon mal reflechi yo te pran nan ane 1950 yo pou konstui vyadik la nan kè vil Syracuse. Rezo Kominotè a pral rekonekte katye yo, amelyore mobilite ak ranfòse aksè nan ak ki soti

nan rezo otowout ki relye eta yo pou rive nan destinasyon kle yo, ki gen ladan distri biznis ki nan anba lavil yo, lopital yo ki nan zòn nan ak Inivèsite Syracuse la. Li pral bay nan tout zòn pwojè a tou amenajman pou pyeton ak pou bisiklèt, ki san danje epi ki aksesib konfòmeman ak ADA.

Konsepsyon Rezo Kominotè a pral rekonekte katye ki te separe depi konstriksyon vyadik la. Pwojè a pral amelyore tou yon pòsyon nan Interstate 481 an, ki ta dwe renonmen kòm I-81; epi konstwi nouvo "Sikwi Komèsyal 81" sou tout Almond Street la pou amelyore koneksyon ak anba lavil la ak lòt distri biznis yo.

Pwojè a gen ladan tou amelyorasyon nan sistèm jesyon egou ak dlo lapli yo ki pral redui kouran dlo yo ak ede anpeche debòdman pandan gwo lapli ki menase kalite dlo Onondaga Creek ak Onondaga Lake.

Fonksyonalite siplemantè pwojè a gen ladan:

- Rekonstriksyon Almond Street ki nan apeprè 21 km twotwa nouvo oswa rekonstwi, 3.22 km wout pou itilizasyon pataje pou bisiklèt ak pyeton nouvo oswa rekonstwi, pis siklis 1.61 km ak apeprè 3.22 km vwa pataje pou veyikil ak bisiklèt nouvo oswa rekonstwi.
- Yon nouvo echanj konplè sou I-690 nan Crouse Avenue ak Irving Avenue pou bay plis koneksyon dirèk ak lopital, sant travay, ak etablisman eskolè nan University Hill.
- Yon echanjè West Street I-690 ki rekonfigire.
- Yon nouvo ranp sòti nan direksyon nò Sikwi Komèsyal 81 rive Colvin Street.
- Amelyorasyon Bear Street.
- Yon nouvo twazyèm vwa sou I-481 ant I-690 ak Thruway NYS (Interstate 90); ak Sòti nimewo 3 (Exit 3) ki amelyore

Gwo konstriksyon ap fèt kounye a sou premye nan plizyè kontra ki te planifye pou pwojè a. Travay sou Kontra 1 an gen ladan rekonstriksyon echanjè nò Interstate 481/I-81 ki egziste pou I-81 ak Sikwi Komèsyal 81 ki renonmen, pandan l ap konvèti pòsyon I-481 nan nouvo I-81 epi fè plizyè amelyorasyon nan wout ak pon sou koridò a.

Kontra 2, yo te akòde semèn sa a, pral kòmanse konvèsyon echanjè sid I-481/I-81. Ansanm de kontra sa yo esansyèl pou kenbe yon koneksyon ant eta yo a gwo vitès ak wout komès nasyonal ak entènasyonal nò-sid soti nan Tennessee rive nan fwontyè Kanadyen an.

Premye faz pwojè vyadik I-81 an pral kreye pasrèl nan Rezo Kominotè a epi pral soulaje pwoblèm anbouteyaj sikilasyon nan vil la ki egziste deja ak amelyore aksè ki soti nan rezo otowout ki relye eta yo pou rive nan destinasyon kle yo, ki gen ladan distri biznis ki nan anba lavil yo, lopital ki nan zòn yo ak Inivèsite Syracuse la. Li pral bay nan tout zòn pwojè a tou amenajman pou pyeton ak pou bisiklèt, ki san danje epi ki aksesib konfòmeman ak ADA.

Pandan konstriksyon an ap kontinye, NYSDOT pral kontinye angaje kominote a epi kenbe pati konsène yo enfòm sou devlopman nan sant sansibilizasyon kominotè ki pral louvri byento sou bò nò ak sid vil Syracuse. Kèk nan karakteristik vizitè yo ka atann lè y ap vizite sant sansibilizasyon yo se entèraksyon fas a fas ak yon reprezantan pwojè vyadik I-81, vizyèl reprezantasyon ki asosye ak pwojè a, ak enfòmasyon sou fason pou travay sou pwojè a kòm yon travayè konstriksyon oswa kòm yon antrepriz biznis ki defavorize.

Rezidan yo pral byento kapab resevwa mizajou epi kominike avèk Ekip I-81 an sou platfòm rezo sosyal I-81 ki pral kreye byento sou Twitter, Facebook ak Instagram. Sitwèb pwojè vyadik I-81 an pral kontinye bay piblik la enfòmasyon sou konstriksyon, konsèy pou vwayaje, sansibilizasyon kominotè, ak plis ankò. Abone yo pral resevwa notifikasyon an tan reyèl sou wout ki fèmen ak detou yo, entèvyou enfòmatif, ak videyo ak foto esklizif.

Yo te kreye yon [nouvo logo](#) odasye tou ki dekri prensip ak karakteristik prensipal pwojè a ak Rezo Kominotè a - adaptasyon pou viv, koneksyon, Sikwi Komèsyal 81 ak trafik gwo vitès sou Interstate 81 - ansanm ak orizon vil Syracuse la. Nouvo logo a pral itilize nan tout kominikasyon ak angajman kominote a pi devan.

Nan alyans ak patnè kominotè yo, Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap kolabore ak gwoup travay yo, ki gen ladan Pathways to Apprenticeship, WorkSmartNY Syracuse Build, Urban Jobs Task Force, CNY Works, ak Workforce Forward Depatman Travay Eta New York: Syracuse, pou rekrute ak fòme moun ki enterese nan travay sou pwojè a. NYSDOT, an patenarya ak Administrasyon Otowout Federal la ak vil Syracuse, te devlope youn nan premye dispozisyon pou anbochaj lokal yo te apwouve dapre Lwa sou Bipatit sou Enfrastrikti pou ankouraje anbochaj rezidan lokal ki soti nan kòd postal nan kominote defavorize yo ak yon salè ki anvigè.

**Administratè Otowout Federal la, Shailen Bhatt, te deklare,** "Ajanda Envesti nan Amerik Prezidan Biden lan ap fè investisman istorik nan enfrastrikti nasyon nou an - nan New York ak nan tout peyi a - pou rekonekte kominote yo, amelyore sekirite, epi bay pi bon opsyon vwayaj ki satisfè bezwen rezidan lokal yo epi konekte yo ak opòtinite pou plizyè deseni k ap vini yo. Nou fyè pou nou investisman nan siksè pwojè sa a ki pral kreye plizyè milye nouvo djòb nan konstriksyon epi ki pral pote chanjman transfòmasyon pou kominote ki nan Syracuse ak ozalantou".

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Depi premye jou l nan biwo a, Gouvènè a te konsantre sou reyalize pwojè sa a, epi jodi a vizyon li tounen yon realite. Kidonk, pare, Syracuse, paske transfòmasyon transpò ou a kòmans jodi a. Rido a ap fèmen sou enfrastrikti demode ki divize kominote yo epi pòt la ap ouvri pou yon rezo transpò 21yèm syèk ki ankouraje amelyore lavi, vitalite ekonomik, ak dirabilite pou tout kominote New York Santral yo. Pwojè investisman transpò inik nan lavi sa a pral bay nouvo opòtinite pou kwasans, djòb ak

devlopman ekonomik nan tout rejyon an - investi nan moun epi leve kominote a yon fason pozitif pou jenerasyon k ap vini yo. Nou tèlman kontan ke jou sa a te finalman rive epi nou tout nan DOT pran angajman pou akonpli vizyon kominote a sou potansyèl enpresyonan pwojè sa a".

**Senatè Eta a, Rachel May, te deklare,** "Pwojè I-81 an se pi gwo kesyon sou avni Syracuse pou plis pase yon deseni, kidonk mwen kontan wè inogirasyon an jodi a. Sa a se youn nan pwojè enfrastrikti ki pi konplè nan istwa eta nou an epi li pral ede repare kèk nan enjistis wout elve a te lakòz ki te detwi katye Nwa yo epi ki te separe Syracuse. Avèk nouvo rezo kominotè a, nou ka avanse nan direksyon avni briyan Syracuse ansanm kòm yon sèl vil. Pandan pwojè a ap pwogrese, nou dwe re-investi nan kominote nou an epi asire ke anpil nan moun ki te sibi enpak negatif prezans otowout sa a kapab pwofite plis benefis nan travay bon kalite pwojè a. Mèsi a Senatè Schumer ak Senatè Gillibrand pou travay di nou nan nivo federal, Gouvènè Hochul pou lidèchip ou, ak kòlèg mwen yo pou sipò nou nan nivo eta a".

**Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare,** "Renesans Syracuse ak New York Santral kontinye avèk inogirasyon ak rekonstriksyon I-81 - youn nan pi gwo pwojè enfrastrikti k ap devlope kounye a nan Etazini. Gwo travay sa a pral korije enjistis istorik, rekonekte katye anba lavil yo, epi louvri nouvo zòn pou investisman ak reyamenajman pandan l ap amelyore sekirite ak mobilite. Mwen gen konfyans ke pwojè sa a pral sèvi kòm yon egzantp nasyonal sou fason enfrastrikti byen planifye ka reyini moun ansanm ak ankouraje kwasans".

**Manm Asanble Pam Hunter te deklare,** "Inogirasyon jodi a se yon pa pi pre nan direksyon pwojè a pou ranplase vyadik I-81 an avèk yon rezo kominotè. Gouvènman federal ak eta yo angaje yo pou yo ekri tò istorik konstriksyon enfrastrikti ki divize kominote nou yo epi ki kite yo defavorize. Pwojè sa a pral pote nouvo opòtinite nan katye nou yo epi kreye inyon kote ki nan tan pase te yon divizè".

**Manm Asanble Al Stirpe te deklare,** "Inogirasyon vyadik I-81 an se yon etap istorik enpòtan pou kominote nou renmen anpil yo nan New York Santral! Kòm yon sipòtè rezo kominotè a depi lontan, mwen kontan wè pwojè sa a nou t ap tann depi lontan an ofisyèlman lanse. Investisman sa a pral non sèlman amelyore sistèm enfrastrikti otowout ki egziste deja a epi ranfòse sekirite pou pyeton ak wout, men li pral gen yon enpak pozitif tou sou rezistans ak ekonomi katye lokal nou yo. Mwen remèsye patnè federal ak rejyonal nou yo paske yo sipòte epi investi nan pwochen chapit sa a pou vil Syracuse ak vil ki antoure nou yo".

**Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare,** "Inogirasyon pwojè Interstate 81 an se yon viktwa pou moun Syracuse ak tout New York Santral. Rezo Kominotè a pral ede adrese enpak danjere vyadik 81 an sou rezidan yo nan vil la ki te pèsiste pou plis pase mwatye yon syèk. Li pral amelyore transpò ak mobilite tou epi kreye travay ak opòtinite pou moun ki nan vil Syracuse ak nan rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Schumer, Senatè Gillibrand ak Administrasyon Biden pou sipò yo nan pwojè a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418